Учитель: Киналго лъик1 х1алт1ана. Гъанже х1алт1изе руго къокъа-къокъаккун. К1иго командаялдеги рикьун, цоцазе кьезе буго цо суал: «Асаралъул ц1ар ва автор абе»

*Къокъабаз, цин-цин гьабун, ц1алула куплетал:*

*Слайд 9-13*

1 группа:

*Дуца гьудуллъун ккве квер г1ат1идаб т1ехь*
*Кида бокьаниги, дуй пайда кьолеб.*
*Гьалмагълъун ккве дуца литература*
*Мун хисарданиги, цо х1алккун ч1олеб*

Ц1алдохъаби: Ц1. Х1амзат. «Гьудуллъи лъилгун кквелеб?»
2 группа:
Кутакалде мугъ ч1вараб
Ч1ух1араб пил бихьулищ
Лолен г1адин, ц1унц1раялъ
Ц1анбит1ун г1одоб лъураб
Ц1алдохъаби: Ц1. Х1амзат «Пилги ц1унц1раги»
*1 группа:*
Жиндир хъулухъ гуреб иш
Бет1ералде босарасе
Мисалалъе гьаб раг1и
Г1унги т1ок1аб буго
Ц1алдохъаби: Ц1. Х1амзат «Маймалакги ц1улал устарги»
2 группа:

Гьедиг1ан инжитго данде гьабураб
Дунялалъул боц1и бакьанго гуро
Мискинзаби гуккун, кодобе щвараб
Шагьи –параялда дун урхъуларо
Ц1алдохъаби: Ц1. Х1амзат «Ашбазалде»
1 группа:
Исана дидасан бегьараб зарал
Закат-сах1алдасан босеха, дибир,
Т1аде-хариялде я дунго хвела,
Ялъуни дибирлъун бат1ияв ккела!
Ц1алдохъаби: Ц1. Х1амзат «Дибирги г1анхвараги»
Слайд 14 – Цере малъарал асаразул ц1аралгун.
Цересел классазда малъана:
5 кл.- «Гъалбац1ги г1анк1ги», «Гьудуллъи лъилгун кквелеб?»
6кл.- «Маймалакги ц1улал устарги», «Пилги ц1унц1раги», «Шамилиде»
7кл.- «Ашбазалде», «Дибирги г1анхвараги»
Муг1алим: Нилъеца Х1амзатил цере малъарал асарал такрар гьаруна. Лъица бицинеб, гьел асараз нилъ сунде ах1улел ругел?
Ц1алдохъаби: Нилъго нилъерго г1амал-хасияталда т1ад х1алт1иялде.
Слайд 15- Дарсил тема